

ANN BAY LODYANS 15

Se Bryant Freeman
("Tonton Liben") ki
pare ti liv sa a.



PM
7854
.H39
A56
2000
v. 15

AYITI SE PÈP AYISYEN

Enstiti Etid Ayisyen - Inivèsite Kannzas
Bon Nouvèl
Fondasyon Alfa Lwès
2000

PM
7854
.H39
A56
2000
v. 15

YON KONTRA AK LEDJAB

Vwala te gen yon malerèz ki te deja gen douz pitit, e tout se te tifi. Epi vin yon tifi ankò, yo rele l Asefi. Papa yo mouri, e manman an setoblije voye Asefi al rete kay yon madanm lavil, ki rele madan Souza.


Madan Souza te renmen Asefi anpil. Asefi, bò kote pa l, te kontan nèt. Nonsèlman li toujou manje vant deboutonnen, men yo achte bèl rad pou li, e li gen chanm pa l ki rele l chèmèt chèmètès. Fanmi an t ap viv nan yon gwo chanmòt ki te antoure ak bèl flè santi bon. Tout moun te alèz kou Blèz.



Chak maten, mesye Souza pati al nan jaden. Madanm lan ret nan kay la. A midi, Asefi ranje dine a nan yon bèl kòbèy, li pran wout la pou al pote manje bay mesye a nan jaden an. Chak jou se te konsa. Jaden an se te yon gwo bitasyon ki gen plizyè dizèn kawo tè. Li te gen ladann tout bagay, diri, pwa, legim. Tout te byen bèl. Men bagay ki dwòl, Asefi pa t janm wè yon travayè nan jaden an. Li te toujou kwè mesye te gentan

ranvwaye travayè yo anvan, pou l pa ba yo nan manje a. Men afòs vye lide bouyi nan tèt li, li te deside fòk li konn sa k ap pase.

Yon jou, li deside sot lakay la pi bonè. Li kache kò l nan raje a, yon kote mesye a pa ka wè l, epi l ap gade. Wouy, mezanmi! Tifi a wè mesye Souza kanpe nan mitan jaden an, l ap bat vant li, epi l ap chante. Touswit yon bann kochon ap soti nan vant li pou al raboure tè a.



Fò ou ta wè sa! Chak ekip ki bouke tounen rantre nan vant li, epi yon lòt kolonn soti.

Asefi sezi, l ap tranble: “An! Se sa! Mesye Souza gen kontra ak ledjab! Sa k ta di sa.” Lè lè a rive, manmzèl rantre nan jaden an ak manje a. Ou ta di mesye te santi yon bagay. Li di ti dam lan: “Kisa ou te wè m t ap fè?” Ti dam lan reponn: “Ou menm? M pa t wè anyen, non. Kisa ou t ap fè?” Mesye a reponn: “Anyen. M te santi m pa byen.” Kòm dabitid, mesye a manje tout manje a epi li bwè po ji a. Tifi a souke tèt li, li di nan kè l: “Men wi, se sa k fè l manje anpil konsa! Fòk li manje pou tout kochon sa yo ki nan vant li a!”

Kon Asefi rive nan kay la, l al jwenn madanm lan. Li tonbe pale: “Madanm, ou twò bon moun, m p ap ka pa di ou sekre sa a. Mesye Souza gen yon kontra ak ledjab. Ou pa ka ret ak yon nèg konsa.” Li esplike madanm lan tout sa l te wè a. Madanm lan di se pa vre. Men Asefi tèlman ensiste, madanm lan deside chache yon mwayen pou montre l se pa vre. Pou sa, li envite mari a pou li vin manje nan kay la denmen, a midi. Mesye asepte, men ak kondisyon pou dine a pare a onzè tapan.

Nan denmen lè a rive, mesye Souza parèt fre kon kola kenz. Ou ta di yon moun ki pa sot travay. Yo sèvi manje a. Mesyedam yo chita ap manje. Madanm lan kontan, manje a pa manke gou. Yo pa menm santi si lè a ap pase. Men pandan Asefi ap pase bò mesye a, li di l: “Manyè fè vit non, mafi!”



Bagay la cho. Mesye Souza prese. Madanm lan mande Asefi vini ak desè a. Se li menm ki te pare l pou cheri a, men mesye di li pa ka rete piplis. Madanm li fache: “Men, cheri! Ou pa yon esklav. Pou yon fwa, jaden an kapab tann.” Pandan sa, Asefi tande mesye a ki di tou ba: “Tann, non! Se poko lè. Tann

yon moman!” Men ledjab pa konn sosyete. Madanm lan poko menm fin pale, li wè mari l ap transfòme: “Cheri, cheri, sa ou genyen? Ou santi ou pa byen? Pran ti dlo pou ou.”

Mezanmi, vant mesye Souza pete bow! Ti kochon kòmanse soti, yo pran raboure tout bagay nan kay la. Asefi pete kouri pandan l ap rele anmwe. Madanm lan di: “Jezi Mari Jozèf, pitye!” epi li tonbe san konnesans. Pandan sa, mesye Souza gentan tounen kochon, yon bèl kochon grimèl. Li atrap Asefi, li fè yon sèl bouche avè l, epi li tounen al pran madanm lan. Li devore l san kite yon ti zo.

Depi lè sa a, pa gen pèsonn ki janm konnen kisa mesye Souza devni. Gen moun ki di se ti djab yo ki manje l. Mwen pa konnen. Men sa m sèten, pami kochon sa yo, genyen ki rete kochon, men yo toujou kontinye manje moun. Gen lòt ki tounen kretyen vivan. Yo mechan kon Satan. Yo renmen san, yo renmen kadav. Nanchon sa a la jouk jodi a nan peyi a.

Mezanmi, kòm nou p ap janm mete pye nan zòn sa a, m pa bezwen di n sa pou n ta fè si n ta kontre youn. Mwen menm, gen youn ki te fè yon grate dèyè m, se bon pye m ki sove m. Se sa k pèmèt mwen vin isit la pou rakonte ou ti istwa sa a.

RENMÈD POU VÈ

Te gen yon doktè ki te gen si bon kè, li te konn bay konsèy adwat agòch, san li pa mande moun pou yo peye l. Konsa pa t gen moun ki te vini nan klinik li a.

Yon jou msye al fè yon ti flann nan bouk la. Li wè yon nèg ki mande l: “Dòk, ou pa konn yon bon renmèd pou gonfleman?” Dòk la di l. Pi devan, li kontre ak yon lòt ki mande l si li pa konn yon renmèd pou palidis. Menm yon dis pase konsa.

Li pran wout simityè pou li. La li konnen li p ap gen okenn moun k ap vini deranje l. Li fèk depoze dèyè l sou yon ti tonm, lè l tande: “Pst! pst! Doktè!” Msye chache chache. Anfen li konprann se anba dèyè l bri a soti. Li bese tèt li, li tande yon moun nan tonm lan ki mande l: “Doktè, ou pa gen yon bon renmèd pou vè?”



Deniz Legayè, Pòtoprens

LÈ BONDYE T AP MACHE ATÈ

Vwala, yon jou Bondye t ap fè yon kontwòl pou l wè si moun anwo tè a gen bon kè. Li abiye l tankou yon pòv. Li pran kwi li, li kòmanse mande charite.

Li rive lakay yon premye moun. Li mande l lacharite. Moun lan di: “Kote vye pòv sa a soti? Epi granmmaten konsa, kote ou vle m jwenn lajan pou m ba ou?” Pòv la di l: “Si ou pa gen anyen lakay la pou ban mwen, fè m kado yon ti gout dlo, souple.” Metrès kay la reponn li: “Kò ou gen twòp bouton e bouch ou pa pwòp. Mwen pa p ba ou bwè nan vè m.”

Lè pòv la tande sa, li pati e li ale lakay yon lòt moun. Lòt moun lan di l menm bagay. Li pa dekouraje. Li ale frape nan pòt yon twazyèm moun. Moun sa a ba l manje. Lè li fin manje, metrès kay la ba l bwè dlo nan yon bèl vè. Pòv la di l: “Vide dlo a nan kwi mwen, paske bouch mwen gen twòp bouton.” Metrès kay la di: “Sa pa fè anyen. Ou mèt bwè dlo ou.”



Kou pòv la pati, metrès kay la chavire vè a sou tab li. A midi, lè li pran vè a pou l lave l, li wè vè a plen lò. Li endispoze. Lè l revini, li kontan nèt. Li konprann pòv la pa t yon pòv tout bon, men se te Bondye ki te vin vizite l.

Eklid Etyèn, Tèryewouj

SANT GRIYO

Se te yon nèg ki te vin ap pase bò yon restoran. Li pran sant yon griyo k ap pete nen l. Konsa nèg la apiye do l nan mi kizin lan, epi li manje yon bout pen li te gen nan pòch li, ak sant griyo a nan nen l. Twouve mèt restoran an menm t ap gade msye. Li parèt, li di l: “Ou a peye sant griyo m lan, wi.” Nèg la di li p ap peye. Epi diskisyon mete pye.


Konsa lapolis vin ap pase. Li mande: “Sa k pase?” Nèg bout pen an pran rakonte: “Kaporal, tande. Se yon bout pen m genyen. Kòm mwen grangou, m rive la a, m pran sant yon griyo k ap fri. M kanpe nan mi an, m manje bout pen m lan. Epi nèg sa a parèt, li di konsa se pou m peye sant griyo a.”

Lapolis la di: “Se pa yon bagay ki difisil, non. Chache yon senk kòb, fè l sonnen, epi msye va touche son pou sant la.”

Jak Jèmen, Pòtoprens

KONPÈ LYON KÒMANDE TOUT BÈT

Vwala konpè Lyon ki mache goumen ak tout bèt nan peyi a. Lè l fin bat tout bèt yo, l ale kote Bondye. Li di: “Bondye, mwen vini kote ou pou ou ban m kouwòn mwen, kòm bèt ki kòmande tout bèt.” Bondye di l: “Èske ou kòmande sa yo rele lòm lan?” Li reponn: “Kisa yo rele lòm lan?” Bondye di: “Ale enfòm pou konnen.”



Lyon ale yon kote, li wè plizyè pentad ki t ap manje. Kon pentad yo wè l, yo pran rele. Li mande: “Kisa nou genyen?” Yo di: “Se sila a ki vle touye nou.” Lyon di: “Kote li?” Pentad yo di: “Men li!” Lyon reponn ankò: “An! an! se sa yo rele lòm lan.”

Men nèg la t ap fè lachas nan raje a. Lyon pwoche kote nèg la. Li di: “Bonjou.” Nèg la

reponn: “Bonjou, msye wa.” Lyon di ankò: “Sa ki nan men ou la, sa li ye?” Nèg la di: “Se yon pip papa m te mouri kite pou mwen.”

Lyon di: “Èske m ka rale yon ti kou ladann?” Nèg la di: “Se mwen ki konnen bout li, se mwen ki pou pase zalimèt la pou ou.” Nèg la fè sa. Li rale gachèt fizi a, bal la pati: boum! Olye Lyon resevwa kouwòn li, se lanmò li resevwa.

Evanjelin Jan, Fayeton

ASANSÈ

Te gen yon vye granmoun andeyò ki vini Pòtoprens pou premye fwa. Lè l rive, yo mennen l wè yon gran lotèl. Pandan l ap gade, li wè yon granmoun fanm ki monte nan yon asansè. Li kanpe pou l gade, paske li pa t janm wè bagay kon sa.

Kèk minit apre, li wè asansè a k ap desann ak yon kokenn demwazèl. Mouche rete, li souke tèt li, epi li di: “Si m te konn sa, m ta vini ak madanm mwen, paske li fin granmoun. Konsa li ta tounen yon jenn demwazèl tou.”

Emànyèl Maselis, Okay

BOUKI AK TI ZWAZO

Nonk Bouki te gen yon bèl jaden patat kote ti zwazo vin bay payèt toutlasentjounen. Yon maten, Nonk leve devanjou, e san fè sinakwa, li pase djakout li an bandwòl sou rèl do l, li ranmase vye kouto digo l, e li monte nan chemen gwo mòn nan mitan jaden patat li a.

Depi lontan, rekòt patat Nonk Bouki pa janm bon. Yon bann ti zwazo, gwosè ti wòch gran chemen, toujou vin goute patat Nonk pou wè si yo bon kalite. Nonk Bouki te konn sa, e se sa ki fè jou sa a li vini, anvan solèy, klere grenn je l sou tout bagay k ap pase nan seksyon an.

Nonk Bouki tann kò l atè nan jaden an. Apenn mouche kòk sonnen ason vwa l, yon ti zwazo, bèk zegwi, plim djondjon, janbe lizyè jaden an pou l vin goute boujon patat Nonk yo. Se vre, tout ti kòniflèt li yo ap fè lwanj tout tan pou patat Bouki. Li menm li vin wè si se vre sa yo di a. Men, malchans pou li, anbisyon pouse l al pike pi gwo patat nan jaden an: mwen vle di tèt Bouki! Konsa, Nonk poze lapat sou ti zwazo a.



Bouki di l: “Abobo! Mwen frenk pran ou jodi a. Se ou ki tounen pichon nan patat mwen yo. M ap boukannen ou sou djòl kachimbo m!” Men ti zwazo a ret kè pòpòz: “Nonk o! Ou konnen byen m se fiyèl ou. Se jaden an m ap veye pou ou. Okontrè menm, tout tan m ap konseye lèzòt kamarad yo respekte patat Nonk. Chak jou m fè patwouy nan jaden an pou ou. Mwen touye krikèt, zandolit, vè, kalmanson, bigay, tout ti bèt fewòs k ap detounen rekòt. Men jodi a se mwen k ap peye kredi lèzòt.”

Bouki reponn: “Vyèj pete je m, ou mèt sote ponpe, ou mèt pale franse, m ap frenk manje ou ak yon grenn sèl. Ti zwazo ak patat, se manje grannèg.”



Kontantman te detenn koulè san Bouki. Se sèl okazyon pou l manje vyann, bagay li pa janm mete nan bouch li si se pa vwazinaj ki voye yon plat manje bay madan Bouki. Men, ti zwazo a vin sonje yo konn repete: Nonk Bouki se nèg ki pi sòt nan seksyon an. Konsa, li deside pran yon dènnye chans.

Ti zwazo a di: “Nonk o! Koute fiyèl ou, non. Chak fwa m vole nan syèl, se Papa Bondye m al vizite. Sa fè m konn anpil ti sekrè ki kapab fè yon nonm vin gwo chèf san l pa fè eleksyon. Si ou lage m, Nonk, an verite m ap ba ou twa sekrè. Avèk twa gram sekrè sa yo, ou ap sèl kong nan zòn lan.”

Nèg sòt toujou dòmi reve politik menm si l pa gen somèy. Se pa tripotay, non, mezanmi. Se pa jodi a Nonk ap boukannen wanga anba sann gran chemen, simen poud malfini nan mitan sèt kafou, trase kwa digo devan ounfò, limen bouji nan po krab malzòrèy, boule boukan Marinèt Pyechèch, leve zonbi nan simityè, fè zetwal karèm file nan fon asyèt blanch. Elas, mezanmi, sa Nonk t ap cache anlè depi lontan, men l jwenn li atè.

Tonton Bouki lage ti zwazo a ki al poze sou yon ti branch gwo monben. Li tanmen chante pou Nonk: “Pa janm kwè pawòl bèt nan bwa. Lè ou gen vyann zwazo nan men ou, pa janm lage l pou ou kouri dèyè bèf sovaj. Pa janm touye tèt ou pou makòn mayi ou pèdi. Nonk o, se twa grenn sekrè politik sa yo mwen te pwomèt ou a.”

Mezanmi, nou pa bezwen mande jan Nonk Bouki vekse jous nan kwoupyon lespri l. E se bagay ki pi lèd nan lavi: Timoun ap twonpe granmoun. Nonk frape pye gòch li atè. Tonnè! Lè l wè se yon ti bèt nan bwa k ap pase l nan betiz.



Ti zwazo a bat zèl li twa fwa, li kanpe byen bwòdè sou yon branch gwo monben, e li kontinye chante: “Nonk o! Mwen pa t janm konnen si ou te sòt konsa. Lè m te nan plat men ou a, si ou te louvri zizye m, ou t ap rich jis ou mouri. Nan mitan zizye m, gen yon bèl ti grenn dyaman madanm Wa a te ban m epòk mwen t ap sèvi gadmantèg lakay li.”

Ouy! Se lage gazolin nan dife. Lè Bouki tande sa, li leve kò l frape atè. Li regrèt sèt fwa l pa boukannen ti zwazo a sou bouch kachimbo l. Ti zwazo a bay yon dènnye kouplè: “Nèg sòt! Gade jan ou gentan bliye twa ti sekrè mwen fèk ba ou yo. Mwen te di ou pa janm kwè pawòl bèt nan bwa. Men m poko pale, ou gentan kwè zizye m se yon nich dyaman. Mwen fèk di ou pa janm touye tèt ou pou makòn mayi ou pèdi, men ou gentan ap jigote tankou bouk kabrit ki mande femèl. M ale, m ale, Nonk, n a kontre lè ti poul fè dan.”

Ti zwazo a vole nan syèl. L ale, e Nonk Bouki ret bèkèkè.

Lyonèl Vilfò

YON TI CHASÈ

Se te yon ti gason ki t ap lachas. Lè l rive nan yon pyebwa, li wè yon ti bèt. Tèt ti bèt la make: “Sa ki manje zizye mwen, l ap gen twa san dola chak jou.” Men ti gason an pa t konn li, li pa t konn ekri. Konsa li pa konprann anyen nan sa ki te make a.

Men twouve yon gwonèg ki wè bèt la. Li touye l, epi li peye manman ti gason an senk goud pou l kwit ti bèt la, pou l ka manje zizye a. Manman an kwit ti bèt la, men ti gason an pran yon ti kal nan plat la. Li pa konnen kilès li pran, poutan se zizye li pran.

Lè gwonèg la vini, manman an ba li ti bèt la. Li chache, li pa jwenn zizye a. Li di: “Matant, sa m te bezwen an, m pa wè l. Ban m lajan mwen.” Manman an ba li lajan an. Apre, manman an fè yon kout kòlè. Li ta touye pitit la, paske li manje zizye a.

Pitit la dòmi. Lè l leve, li jwenn twa san dola anba tèt li. Lè manman l wè sa, li di: “Sanble lannwit ou t al vòlè lajan moun yo. Kote yon vye timoun tankou ou ta jwenn kòb kon sa? Mete ou deyò lakay mwen!”



Ti gason an ale nan bwa, li dòmi. Lè l leve, li jwenn twa san dola ankò. Msye vin rich nèt. Li marye, epi chak swa, twa san dola. Manman l vin jwenn li. Nèg la byen, li rich ak tout fanmi li. Men toujou li pa konprann anyen, paske li pa t janm konn li, li pa t janm konn ekri.



Evànye Janvyè, Tomasik

**FÒK TOUT MOUN KONN LI.
FÒK TOUT MOUN KONN EKRI.**

YON BÈL GASON

Yon fi pale ak yon nèg nan yon restoran:

Fi a: Ala bèl ou bèl, monchè! Se solèy!

Nèg la: Se donmaj mwen pa ka di ou se von bèl fi tou.

Fi a: Fè tankou mwen, moi

KU BOOKSTORES \$2.00

0-8400-5122-0



9 780840 051226

50200

FREEMAN, BRYANT
ANN BAY LODYANS VOL.15

GCON

02/23/01